



BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dina ieu bab panyusun baris ngajéntrékeun kacindekanana, sabada panyusun niténan tur nganalisis pamanggih-pamanggih nu kapaluruh dina hasil panalungtikan. Demi kacindekanana nyaéta saperti ieu di handap.

1. Prak-prakan prosési kawinan di masarakat Cibingbin teu jauh béda jeung prak-prakan prosési kawinan daérah Sunda séjénna. Anu jadi pangbéda jeung prosési kawinan adat Sunda umunna nyaéta ayana laporan patugas penjemput pangantén lalaki anu jadi bubuka dina runtuyan prosési kawinan jeung ayana prosési pamasrahan bedog wali ti pihak calon pangantén lalaki ka wali pangantén awéwé. Prosési pamasrahan bedog wali ieu dilaksanakeunana dina waktu seserahan saacan masrahkeun barang-barang seserahan. Demi runtuyan prosési nyaéta: Laporan patugas penjemput pangantén lalaki, seserahan (masrahkeun calon pangantén lalaki, masrahkeun bedog wali, jeung masrahkeun barang-barang seserahan), nampa (narima calon pangantén lalaki, narima bedog wali jeung narima barang-barang seserahan), Upacara akad nikah, nyawer, jeung di pungkasi ku bantayan (nincak endog, meupeuskeun kendi, jeung meuleum harupat)
2. Bedog wali mangrupa hiji adat istiadat asli milik warga Cibingbin anu nepi ka ayeuna masih pageuh dilaksanakeun sacara turun-tumurun dina unggal prosési kawinan di daérah Cibingbin. Siga halna karya-karya hasil masarakat lianna,

bedog wali ogé mangrupa hasil karya koléktif (milik balaréa) warga masarakat Cibingbin. Ku kituna, ngeunaan saha anu nyiptakeun tradisi bedog wali, jelas anonim. Tradisi bedog wali mangrupa hiji ritus tina runtuyan ritus anu aya dina acara kawinan di masarakat Cibingbin. Pangna ieu bedog dingaranan bedog wali ku sabab ieu bedog dipasrahkeunana ka wali pangantén anu satuluyna jadi hak milik éta wali.

3. Dina tradisi bedog wali miboga ajén-inajén falsafah Islami jeung Sundawi. Disawang tina ma'na jeung tujuan dilaksanakeunana, ieu tradisi miboga fungsi salaku alat pikeun ngajénan kolot, disimbolkeun ka wali pangantén. Bedog wali ogé dijadikeun alat pikeun mapagahan pangantén sangkan jaga bisa ngawangun rumah tangga anu sakinah, mawadah jeung warohmah. Bedog wali mangrupa simbol anu eusina rangkuman atikan pikeun ngajalankeun rumah tangga. Bedog wali anu biasa dipasrahkeun ku pihak pangantén lalaki ka wali pangantén awéwé geus lila hirup di masarakat Cibingbin. Masrahkeun bedog ka wali awéwé ngandung harti masrahkeun calon pangantén lalaki pikeun dikawinkeun. Sabada dititénan, ma'na nu nyampak dina ieu upacara téh tétéla leubeut ku ajén-inajén filosofi. Ku kituna, kalumangsungan tina ieu tradisi téh kacida pisan pentingna pikeun dimumulé. Bedog wali disawang tina falsafah Islam jeung falsafah Sunda mibanda korélasi positif. Hartina ma'na anu nyampak dina bedog wali disawang boh tina falsafah Islam boh falsafah tina Sunda henteu patukang tonggong, tapi sajalan. Kawin/ nikah dina Islam téh sunah Rosul pikeun anu geus akil balég. Ari dina persféktif budaya Sunda nikah téh mangrupa inisiasi keur jalma nu geus

déwasa, anu matak sok dipéstakeun ogé. Ayana wali, saksi, maskawin atawa mahar, éta mah nyumponan saréat agama luyu jeung kacapangan téa *Islam téh Sunda, Sunda téh Islam*. Ari sawér, nincak endog, bedog wali jeung sajabana éta mah warisan karuhun nu geus jadi tradisi. Islam ka Sunda geus nyosok jero. Alam pikir jeung rasa, cita-cita, anggapan-anggapan jeung pandangan hirup urang Sunda kabéh geus “ngislam”. Kitu deui adat istiadat nu aya, kaasup adat tradisi bedog wali diwengku ku kaidah Islam.

5.2. Saran

Sanggeus réngsé nalungtik tradisi bedog wali dina prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan, karasa loba pisan mangpaatna pikeun panyusun. Di sagigireun ngaguar masalah tradisi, ogé bisa nambahan pangaweruh kana widang agama.

Sangkan ajén kamangpaatan tina ieu tradisi téh bisa karasa ku sakumna pihak, panalungtik hayang nepikeun saran anu pamudah-mudahan bisa leuwih mangpaat keur balaréa, anu di antarana nyaéta ieu di handap.

1. *Pikeun pihak lembaga pendidikan*, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan ajar, sabab di jerona leubeut ku falsafah jeung ajén-inajén pendidikan hususna ajén kabudayaan.
2. *Pikeun pihak masarakat*, tradisi bedog wali lian ti mangrupa warisan tradisi karuhun, ogé mibanda ajén positif saperti ngajarkeun pikeun ngajénan kolot jeung

nitah sangkan pengkuh nyekel papagon agama. Ieu tradisi téh kuduna diriksa tur dimumulé.

3. *Pikeun individu nu ngalakonana*, falsafah anu nyampak dina éta bedog magrupa kamonesan kolot masarakat Cibingbin baheula kudu bener-bener bisa diéstokeun nepi ka bisa diaplikasikeun dina ngambah kahirupan rumah tangga jaga.
4. *Pikeun lembaga/ dinas kabudayaan daérah Kuningan*, tradisi bedog wali anu jadi ciri khas masarakat Cibingbin bisa dijadikeun aset budaya tur bisa nambahan hasanah budaya Kuningan.
5. *Pikeun lembaga panalungtikan*, kulantaran ieu panalungtikan téh jauh kacida kana sampurna, atuh kacida hadéna upama garapan samodél kieu dituluykeun deui. Widang garapanana leuweuh dihususkeun deui sangkan leuwih teleb dina ngama'naanana.